



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ ISTORIK POU OGMANTE SALÈ MINIMÒM
NEW YORK LA PA RAPÒ AK ENDIS ENFLASYON AN NAN KAD BIDJÈ ANE
FISKAL 2024 LA**

Apati 2024, Eta New York ap ogmante salè minimòm nan a 16 dola nan Vil New York, Long Island, ak Westchester epi a 15 tout lòt kote nan eta a, ke yon ogmantasyon 0.50 chak ane an 2025 ak 2026 ap vini apre

Apati 2027, Salè Minimòm lan ap ogmante chak ane dapre Endis Pri Konsomatè a

Apiye angajman Gouvènè a pou kreye yon New York ki pi abòdab, pi vivab

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke akò Bidjè Ane Fiskal 2024 la genyen ladan l yon plan k ap pote transfòmasyon pou ede Moun New York ki gen revni ki ba yo fè fas a ogmantasyon kou lavi an lè li ogmante salè minimòm New York la pou twa lane epi apre pou konekte ogmantasyon alavni yo ak enflasyon an. Nan dat 1 janvyè 2024, salè minimòm nan ap ogmante a 16 dola nan Vil New York ak konte Nassau, Suffolk ak Westchester, epi a 15 dola nan tout lòt pati nan Eta a. An 2025 ak 2026, salè minimòm nan ap ogmante a 0.5 dola adisyonèl chak ane, apre sa, salè minimòm nan ta ogmante nan to ke Endis Pri Konsomasyon pou Salarye Iben ak Moun k ap Travay nan Biwo yo (Consumer Price Index for Urban Wage Earners and Clerical Workers, CPI-W) pou Rejyon Nès la — ki se pi bon mezi rejyonal pou enflasyon, detèmine. Lè nou ogmante salè minimòm New York la pou ale nan menm rit ak enflasyon an sa ap benefisye plizyè milye travayè ki gen salè minimòm nan eta a.

"Fas ak depans ak enflasyon k ap ogmante konstaman, plan istorik sa pou revize salè minimòm New York la ap asire ke salè sila ki frape pi di pa kriz abòdabilite sa - ki enkli fanm, manman selibatè, ak moun koulè yo, - kenbe rit ak kou lavi a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Se yon gen pou travayè ak biznis yo: pou mete salè minimòm nan sou menm rit ak enflasyon an, k ap ede plizyè santèn milye Nouyòkè kenbe pouvwa dacha yo, kontribye nan ekonomi eta a, epi sipòte kominote ti bizis nou an. Bidjè sa reafime angajman administrasyon mwen an pou abòde kriz abòdabilite a pou travayè ak biznis yo, epi m ap kontinye travay depre ak Lejislati a sou solisyon pou bay Nouyòkè yo soulajman."

Aprè twa zan ogmantasyon ki tabli nan ane 2024, 2025, ak 2026, apati 1ye janvye 2027, Eta New York ap ogmante salè minimòm li pa rapò ak twa zan varyasyon mwayen CPI-W pou Rejyon Nòdès la. Gen yon "pòt sòti" ki disponib nan ka kèk kondisyon ekonomik oswa bidjetè.

Adaptasyon salè minimòm nan ak chète lavi an pral ede kenbe pouvwa dacha salè travayè yo chak ane. Epi ogmantasyon salè minimòm nan ap benefisye travayè ki gen revni ba yo tou anpil, patikilyèman fanm ak moun koulè yo ki konpoze yon pati dezekilibre nan travayè k ap touche salè minimòm yo.

Gen dizwit lòt eta ki swa ap lye salè minimòm yo ak enflasyon an oswa ak kèk lòt fòmil ekonomik oswa ki gen lentasyon fè sa, ki enkli twa eta ki gen salè minimòm a 15 dola oswa pi wo an 2023. Rechèch sou ekonomi yo montre lè yo ogmante salè minimòm nan sa ka mennen rediksyon nan povrete, rediksyon nan depans pou asistans sosyal, estimile depans, amelyore pwodiktivite travayè, ak lòt avantaj.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)